

KRIZ KAT TRAVAY:

Fason Politik
ak Pratik
Etazini Anpeche
Refijye Ayisyen
Jwenn Papye
Travay

REZIME RAPÒ A



**TAKEROOT
JUSTICE**



**Haitian Women
for Haitian Refugees**

ÒGANIZASYON KI EKRI RAPÒ A



Fanm Ayisyen pou Refijye Ayisyen (FARA) te fonde nan lane 1992 nan objektif pou reponn ak kriz refijye imigran ayisyen yo tap konfwonte nan peyi etazini ak Guantanamo Bay. Pandan ane yo, FARA te bay plizyè milye fanmi ki tap mande azil nan peyi etazini sipò aprè yo te pèsekite an ayiti. Òganizasyon an itilize yon apwòch transnasyonal pou li ankouraje jistis klimatik epi enplike moun ak kominote nan divès pwojè solidarite tankou Kanpay dwa nesans nan Repiblik Dominikèn pou batay kont sistèm anti-ayisyen ak san nasyonalite, jistis dlo pou fè fas kare ak sechrès la ki tap ogmante an Ayiti, epi pote sekou, pandan ak aprè, pou ayisyen ki viktim nan kastastwòf natirèl ak katastwòf lèzòm pwovoke. Kounye a, FARA genyen bon jan pwogram ki chita sou baz kiltirèl tankou bay referans pou tout sa ki konsène imigrasyon, edikasyon kominotè, sèvis sipò, epi òganize sèvis sante kominotè. Atravè edikasyon, òganizasyon kominotè, devlopman lidèchip ak aksyon kolektif, manm FARA yo bay tèt yo bon jan konpetans ak kapasite nan batay pou jistis sosyal, ekonomik ak rasyal. Manm FARA yo angaje yo nan mete men nan jefò ak travay mouvman yo nan batay kont eskizyon, opresyon ak rasis enstitisyon yo ki gen enpak sou lavi yo.



Takeroot Justice (“Takeroot”) fè patnerya ak FARA pou fè rechèch sa a. Takeroot bay sipò legal, travay rechèch patisipatif ak sipò politik pou bay travay gwoup lokal ak kominotè nan vil New York yo bourad pou kwape opresyon ki gen rapò ak ras, ekonomi ak sosyal. Ekip Rechèch patisipatif ak politik Takeroot la travay ak, epi bay, òganizasyon kominotè lokal yo sipò stratejik sou kouman pou òganizasyon yo bay travay ak aksyon pledwaye yo plis fòs. Nou itilize modèl rechèch-aksyon patisipatif kote se kominote ki fè pi piti kòb yo epi yo mete souvan sou kote yo ki se baz jan yo konsevwa epi devlope rechèch ak politik yo.

REZIME RAPÒ A

Tretman yo bay refijye ayisyen, moun kap mande azil ak imigran yo nan peyi etazini te atire atansyon medya toupatou nan mond lan dènyèman. Anpil moun ta pral konnen epi wè sa ki te pase anba pon Del Rio nan Texas la pandan ete 2021 an, epi evènman vyolan ki vin pase aprè yo kote tout moun toupatou nan mond lan te wè: byen vit yo kòmanse ogmante depòtasyon an mas kote pami yo te gen fanmi ak timoun piti; rekòmanse ak tretman dezimanizan ki raple vye pratik esklavaj, tankou jan ofisye biwo dwàn ak pwoteksyon fwontyè ameriken an (“CBP”) kite sou chwal la ak frèt nan men li an tap kouri dèyè ayisyen yo sou fwontyè a ak jan yo te mete chenn pwès nan men, pye ak senti yo pandan yo tap depòte yo ayiti; epi plis toujouⁱ.
ⁱⁱEvènman sa yo fè pati yon eritaj rasis ak ksenofòb politik imigrasyon ameriken an genyen ki gen gwo rasin istorik ak gwo konsekans jouk jounen jodiya. Pozisyon Fanm Ayisyen pou Refijye Ayisyen (FARA) nan kominote ayisyen nan vil New York la pèmèt nou wè fason gouvènman ameriken an trete ayisyen ak lòt refijye nwa, moun kap mande azil ak lòt imigran nwa yo nan vil New York, apati politik ak pratik imigrasyon yo_ kèk nan pratik sa yo te fòmate depi nan kòmansman sa gen plizyè syèk pou dekouraje ayisyen epi sòti de plizyè dizèn lane aksyon sipremasis ak enperyalist blan nan peyi etazini parapò ak ayiti.

Rapò rechèch aksyon patisipatif sa a konsantre sou pwoblèm ki gen awè ak estati pwovizwa ki rele “*Humanitarian parole*” la ak pwosesis pou jwenn kat travay la. “*Humanitarian parole*” la se yon estati gouvènman amerikèn bay kèk moun ki pèmèt yo antre pwovizwaman nan peyi etazini pou yon ti bout tan pou “rezon ijans imanitè”ⁱⁱⁱ. “*Parole*” la pèmèt yo aplike pou yon dokiman enpòtan pou yo siviv nan peyi a: kat travay la (“EAD”), ke yo rele tou pèmi travay, pou yo ka okipe tèt yo ak fanmi yo pandan yo ap kontinye chèche mwayen pou regularize sitiyasyon yo pou vin gen rezidans.^{iv}

Rapò nou an montre kantite tan yo bay estati pwovizwa (*Humanitarian Parole*) ak refijye ayisyen yo, moun kap mande azil ak imigran ayisyen yo nan estati pwovizwa a (*Humanitarian parole*) pat gen okenn sans paske ti kras tan yo ba yo a pa menm sifi pou yo gentan aplike pou kat travay la, alewè pou yo ta gentan travay sou li. Nou montre tou anpil reta yo pran nan pwosesis pou yo bay ayisyen kat travay la. Rezilta sèke ayisyen ki te fèk rive yo te nan yon sitiyasyon penib ak kè sere: Antre nan peyi etazini san okenn mwayen legal pou w jwenn travay ak diyite, epi genyen yon seri lòt pòt pou ta jwenn lòt resous ki difisil pou louveri pou yo.

Rapò sa ak rezilta rechèch yo te ekri nan peryòd kote politik imigrasyon yo tap chanje byen vit. Chanjman sa yo nan politik yo, tankou pwogram libète sou kondisyon “CHNV” a (CHNV Parole Program) ak louveri aplikasyon mobil CBP One, ta ka konsidere kòm yon fòm pwogrè pou yon kantite limite moun kap chèche antre nan peyi etazini; men li gen aspè ki pa twò klè, li gen pwoblèm lojistik yo, ak bon jan limit.^{v vi vii viii} Nou wè nouvo politik sa yo kòm yon plan reyaksyonè ki vize pou limite migrasyon yo, distrè piblik la nan tretman etazini ap bay imigran yo, sitou ayisyen ak lòt refijye nwa yo, moun kap mande azil ak imigran nwa yo, epi ki gen motivasyon politik deye li kòm yo ap pare sik elektoral pou lane 2024 kap vini la.

Menm lè anviwònman politik imigrasyon chanje depi lè nou te fè rechèch nou yo, rezilta rechèch yo rete kadre ak reyalite pou koulye a epi rekòmandasyon nou yo toujou ijan.

KÈK NAN REZILTA YO

Rezilta sa yo sòti nan chita pale sou yon fòm entèvyou ak sèt nan refijye ayisyen ki viv eksperyans lan dirèkteman nan vil New York ak sèt nan founisè sèvis legal ki nan New York, New Jersey, epi San Ysidro nan Kalifòni.

Rezilta 1: Eitati Pwoviswa ("Humanitarian parole"), ki bay posibilite kat travay la, enpòtan anpil-anim pou refijye, moun kap mande azil ak imigran yo

Youn nan premye benefis eitati pwoviswa a ("Humanitarian parole") se pòt li ouvri pou refijye yo, moun kap mande azil ak imigran yo pou yo aplike epi resevwa kat travay.

Refleksyon kèk pwofesyonèl Dwa kap defann imigran:

- *"Mwen kapab di, kat travay la se dokiman nimewo en pou pifò nan kliyan mwen yo. Se premye zouti pou yo ka siviv. Li se jis yon bezwen fondamantal pou yo"*

—Anonim, New York, NY

Refleksyon kèk nan refijye, moun kap mande azil ak imigran yo:

- *"Ou pa santi w alèz lè w pap travay...Ou chita sou kont lòt moun pou lonje lamèn ba ou,... Sa fèw santi ou tankou timoun piti... Nou vini la a epi nou pèdi."* —Entèvyou 7
- *"Bay moun chans pou moun viv tankou Moun"* —Entèvyou 1

Rezilta 2: Eitati pwovizwa ("Humanitarian parole") pou ayisyen yo espesyalman te redwi anpil sou administrasyon Trump lan, yon tandans ki kontinye sou administrasyon Biden lan, ki rann li vrèman enposib pou refijye yo, moun kap mande azil yo ak imigran yo jwi tout bon kat Travay yo a.

Sou administrasyon Obama a, "Humanitarian parole" la, yo te konn bay li regilyèman pou yon peryòd de a twa lane, ki fè pandan tan sa a refijye yo, moun kap mande azil yo ak imigran yo te kapab aplike epi jwenn kat travay yo a lè, sa ki te ba yo mwayen pou okipe tèt yo avèk fanmi yo pandan ke yap kontinye pwosesis dosye imigrasyon yo. Administrasyon Trump lan te byen vit chanje sa. Yo te kòmanse pa bay humanitarian parole ankò yo, oswa yo te bay li pou kèk semenn konsa. Ti peryòd tou kout "Humanitarian parole" sa yo - pou kèk semenn oswa kèk mwa- kontinye pran premye lane administrasyon Prezidan Biden lan, sa ki kraze lespwa ayisyen yo kòmkiwa yo te ka fè miyò.

Eitati pwovizwa a (Humanitarian parole) dwe gen ase tan sou li pou moun yo ka gentan pou jwenn kat travay la. Lè yo bay eitati a pou yon ti kras tan tou kout tankou kèk semèn oswa kèk mwa, eitati sa vin pratikman pa itil yo anyen.



Refleksyon kèk pwofesyonèl Dwa kap defann imigran:

- “Moun yo te (anvan yo) konn jwenn “Humanitarian parole” la pou de a twa lane, pi souvan pou twazan, epi yo te kapab aplike pou pèmi travay la pou yo te ka travay pandan yap reflechi sou desizyon pou mande azil, oswa yon lòt opsyon si yo ta kalifye pou yo. Te vin kòmanse gen yon chanjman tout bon [an 2017] lè sa te vin gen plis moun kap imigre... nou te vin kòmanse wè gen moun ki pat jwenn “Humanitarian parole” la pou menm longè tan ak anvan, oswa yo pat bay li menm jan ak anvan. Klima [politik] la te chanje nèt, omwen an tèm taktik ki pi agresiv yo te itilize. Nan lane 2020... yo depòte yo pa pil ak pa pakèt toutan, tankou chak jou.”
— Aline Gue, TakeRoot Justice
- “Yo te vin retire tout avantaj pratik estati pwoviswa a [“Humanitarian parole”] lè yo te vin redwi peryòd la pou yon ti kras tan sa ki fè moun yo pa gen tan travay vre epi paka okipe tèt yo pandan tan yo ba yo li a. Epi petèt vin tonbe nan pwosesis pou depòtasyon”
—Anonim, New York, NY

Refleksyon kèk nan refijye, moun kap mande azil ak imigran yo:

- “Mwen te antre nan peyi etazini 23 septanm 2021 an. Yo te ban mwen estati pwoviswa a [“Humanitarian parole”] pou sèlman de semenn. Mwen te santi m dekouraje, mwen patka pran swen pwòp pitit mwen. Sitiyasyon sa pat fè mwen byen ditou. Mwen kite twa timoun ayiti epi mwen gen yon ti bebe ansanm avèm. Epi mwen pa gen pèmi travay la. Si w pa gen pèmi travay, ou pa ka travay”
—Entèvyou 2
- “Mwen te panse mwen tap kapab travay, men yo te ban mwen “parole” la sèlman pou de mwa... Pou peryòd tan yo te ban mwen li a te tèlman kout sa pat pèmèt mwen fè anyen ditou oswa kòmanse okenn pwosesis.”
—Entèvyou 6

Rezilta 3: Kokenchenn reta yo genyen nan trete dosye pou kat travay la vin koz menm ayisye ki gen estati pwoviswa (“Humanitarian parole”) pou yon ti tan ki plizumwen long yo toujou paka jwenn kat travay yo menm lè yo aplike a lè.

Après premye rechèch nou yo, biwo sèvis sitwayen ak imigrasyon etazini an “USCIS” vin mete nouvo pwogram ki prevwa bay estati pwoviswa (“Humanitarian parole”) pou youn ak de lane. Menm si yo vin bay plis tan pou estati pwoviswa (“Humanitarian parole”) ta sanble yon bon avantaj, li toujou pa sifi. Si w pran moun ki jwenn estati pwoviswa a pou yon lane yo, tan yo pran pou trete demand aplikasyon kat travay la tèlman long ke moun sa yo pa janm gentan jwi avantaj pèmi travay la vre.

Refleksyon kèk pwofesyonèl Dwa kap defann imigran:

- “Menm refijye ki jwenn estati pwoviswa pou yon lane yo, sa ke nou wè anpil kounye a... Ant tan ou aplike pou pèmi travay la, li ka pran tankou uit a nèf mwa konsa anvan pou yo jwenn kat travay la. Epi se yon ti ponyen moun ki jwenn estati pwoviswa sa (“Humanitarian parole”), kontakte yon avoka nan menm jou a epi gen mwayen pou peye frè pou pèmi travay la, epi tou depoze aplikasyon pou otorizasyon travay la... men pi souvan an reyalite, gen yon twa mwa ki pase ant lè yo jwenn estati pwoviswa a

(“Humanitarian parole”) ak lè yo ranpli aplikasyon otorizasyon travay la, epi lè sa a li pratikman pa itil. Li vin tankou yon kat ou genyen la konsa...Ou paka regle gwo bagay nan yon lane. Pa gen anyen ki stab wap ka reyalize pandan yon ti bout tan konsa”

—Anonim, New York, NY

Rezilta 4: Jan yo redwi tan yo bay estati pwoviswa (“Humanitarian parole”) a, mete sou tout tan yo pran pou trete dosye kat travay yo, ta parèt kòm fèt espere pou sa anpache moun yo jwi dwa yo genyen pou yo travay, tankou se konsa yo manifeste jan yo kont ayisyen ak rasis kont nwa an jeneral.

Redwi kantite tan yo bay pou estati pwoviswa (“Humanitarian parole”) pou refijye ayisyen yo ta sanble se yon desizyon administrasyon pran espere pou retire dwa moun yo pou yo travay, epi tankou tantativ pa mekanste pou dekouraje yo imigre epi depòte yo pi fasil. Rasis kont nwa ak santiman anti-Ayisyen yo, se sa yo ki eksplike tout chanjman sa yo.

Refleksyon kèk pwofesyonèl Dwa kap defann imigran:

- *“Lè yo bay estati pwoviswa [pou yon lane] sa ka vle montre yo amelyore tretman yo ak kategori moun sa yo, men anreyalite anba-anba yo dèyè ap anpeche kelkeswa pwogrè a...yo vle parèt kòm si yo chanje, men an reyalite se pa vre. Yo pa chanje. Yo deside anpeche yon gwoup moun byen presi...poukisa anpeche m jwenn yon bagay ki pa koute n anyen? Se sa mwen santi ki ap pase ak ayisyen yo. Li pa koute w anyen. Li pap koute administrasyon an anyen pou bay moun ki la deja yo kat travay pou yon lane.”*
— Stephanie Delia, The Haitian Legal Network, Inc.
- *“Si nou gade byen nan pèspektiv kote yap eseye dekouraje imigran yo [epi] pati sistèm sipremasis blan yo ap sipòte a epi vle kenbe a, nap wè li fè sans.”*

—Hollie Webb, Al Otro Lado

Refleksyon kèk nan refijye, moun kap mande azil ak imigran yo:

- *“Si nou te an sekirite lakay nou, nou tap rete la, nou vini isit la pou yon lavi miyò.”*
—Entèvyou 1
- *“Nou konsidere zak sa yo kòm rasis, paske kèlkeswa peyi ke nou pase, se nou ki plis souffri pou travay epi nou kònn sak rele travay.”*
— Entèvyou 4
- *“Nou tout se menm. Si yo ta pike nou, epi yo pike yon lòt moun ki gen nasyonalite diferan yap wè se menm san an kap koule nan vènn nou. Pa gade m sou koulè po m. Mwen ta renmen konnen si se yon pwoblèm yo genyen avèk ayisyen, oswa si se avèk koulè po nou yo gen pwoblèm.”*
— Entèvyou 6

Rezilta 5: Sistèm pou bay estati pwovizwa (“Humanitarian parole”), menm jan ak lòt pwosesis imigrasyon yo, vin pa klè epi gen konfizyon ladan li menm pou moun kap kontwòle sistèm nan sere-sere. Sa a vin fè refijye, moun kap mande azil yo, imigran yo, pwofesyonèl dwa yo, defansè dwa moun yo, òganizasyon kominotè ayisyen yo, ak òganizasyon imigran nwa an jeneral pa gen anpil mwayen pou ede klyan yo kòmsadwa.

Pwofesyonèl kap bay sèvis legal imigrasyon yo vin nan yon sitiyasyon kote yo ap eseye konprann epi vanse ak menm vitès politik imigrasyon ak pratik administrasyon yo ap evolye a, an menm tan pou tout sa ki gen awè ak estati pwovizwa a (“Humanitarian Parole”) anplis pou tout lòt dosye an jeneral. Pwofesyonèl kap bay sèvis legal imigrasyon yo ansanm ak klyan yo ap benyen nan yon fè nwa, sa ki se yon baryè pou refijye yo, moun kap mande azil yo ak imigran yo jwenn bon jan èd yo bezwen an.

Refleksyon kèk nan refijye, moun kap mande azil ak imigran yo:

- *“Li te ekstrèmman difisil pou w konprann sak tap pase a. Moun yo pat gen dokiman. Se te yon dezòd total kapital, epi bagay yo ap plede chanje tanzantan. Yo plede chanje règleman yo de tanzantan. Sa te troublan anpil-anpil.”*

—Aline Gue, TakeRoot Justice

- *“Se kòm si mwen santi pa gen espwa ankò koulè a. Lè mwen di yo “se byen ou gen estati pwovizwa a [“Humanitarian parole”] pou yon lane, men mwen pa konnen ki lè wap ka jwenn kat travay la.”[EAD] Anvan, mwen te kapab di yo, “Oke, nan apeprè twa a kat mwa konsa”. Men kounye a, mwen pa vrèman konnen. Yo gade mwen lè konsa epi yo di “Kouman fè ou pa konnen? Poukisa ou pa ka pouse pou nou jwenn li pi vit?”*

— Sandra Dieudonne, Catholic Charities

Rezilta 6: Kokenchenn reta yo pran nan pwosesis pou bay pèmi travay, mete sou ti kras tan yo bay estati pwovizwa a (“Humanitarian Parole”), se yon dezaz pou ayisyen ki te despere jwenn travay nan diyite pou okipe tèt yo ak fanmi yo.

Lè yo fèmen pòt pou refijye yo, moun kap mande azil ak imigran ayisyen pou jwenn travay kòmsadwa legalman yo louvri pòt pou yo viktim tout move pratik eksplwatasyon pou sa jwenn yon travay. Refijye yo, moun kap mande azil ak imigran yo lage san mwayen pou okipe tèt yo ak fanmi yo men tou san yo pa gen mwayen antre nan plis rezo sekirite sosyal: ki se yon sitiyasyon dezaz ki gen gwo konsekans.

Refleksyon kèk nan refijye, moun kap mande azil ak imigran yo:

- *“Pa gen okenn mwayen pou yon moun okipe tèt li san pèmi travay, sa ki lage moun yo nan sitiyasyon pou yo eksplwate yo pou travay. [Sitiyasyon kote] Yo pa peye yo, oswa yo pa peye yo kòb yo ta dwe peye yo a. Yo vòlè lajan yo anpil. Anpil entimidasyon pou fè yo pè tou.”*

—Aline Gue, TakeRoot Justice

- *“Lè moun yo pa gen pèmi travay la, epi si yo ta rive jwenn travay, yo fini pa eksplwate yo, pa peye yo monnen, jwenn anpil menas depòtasyon nan men patwon yo, yo travay pou anpil èdtan san kanpe, de pye yo pran nan yon grenn soulye.”*

—Anonim, New York, NY

Refleksyon kèk nan refijye, moun kap mande azil ak migran yo:

- *“Lè ou pa gen kat travay la (EAD), gen kèk moun ki vle ban ou travay ... yo pral pran avantaj de ou, epi ou pral lage nan travay plis ke w dwe travay epi yo pap menm peye ou pou kantite lè ou travay yo.”*
—Entèvyou 3
- *“Pa rive kapab travay fòmèlman nan etazini (U.S.) te pi move eksperyans nan lavi mwen. Sa fè yon lane depi mwen nan etazini, epi mwen poko janm jwenn yon travay poum ta fè lajan pou reponn a bezwen mwen. Si yon nan timoun mwen yo malad, mwen pap menm gen lajan pou mwen ta voye ba yo ayiti. Tout bagay sa yo pa fè mwen byen ditou.”*
—Entèvyou 2
- *“Pou mwen, pa gen kat travay la se yon touman. Mwen konn travay di, epi mwen pa menm ka jwenn travay....Kelkeswa kote mwen ale mande travay, yo toujou mande m pou pèmi travay la. Mwen vin pa ka travay sa rann mwen rete san fè anyen. Mwen santi mwen dekouraje. Lajan ke mwen ap fè pou kounye a pa menm sifi pou peye gadri pou timoun yo. Pwoblèm nan mwen dwe pran swen timoun yo, ba yo sak nesesè avèk manje chak jou... Sa vrèman deranje mwen lè map gade tout moun nan kay la pral travay chak jou epi mwen rete nan kay la.”*
—Entèvyou 6

REZIME REKÒMANDASYON NOU YO SOU POLITIK YO.

Refijye, moun kap mande azil ak imigran Ayisyen yo gen dwa pou yo viv tankou moun epi travay ak diyite nan peyi etazini. Pwoteksyon ki ap pi bon pou ayisyen yo se ta bay yo sa yo rele “Deferred Enforced Departure” (DED) ki se estati ki evite yo dèpòte yo oswa pou yo ta re bay yo “Estati Pwoteksyon Tanporè” (TPS) a pou ayisyen ki pat kouvri anba dènye ekstansyon ki genyen koulye a, epi nap batay ak tout fòs nou pou jwenn solisyon sa yo.^{ix} Pandan tan sa a, nou mande Depatman Sekirite Enteryè a (DHS) ak tout lòt ajans yo pou mete an plas yon kantite chanjman an ijans.

Elaji epi Pwolonje Estati Pwovizwa (“*Humanitarian parole*”) a

1. Fè estati pwovizwa a (*Humanitarian parole*) se pou 5 lane li dwe ye pou tout moun ki rantre sou teritwa a nan yon pwen dantre, kèlkeswa peyi orijin yo.
2. Aplike yon politik nan tout peyi a ki dwe pèmèt estati pwovizwa a (*Humanitarian parole*) pwolonje otomatikman a pati dat ekspirasyon an ke li ta genyen an.

Asire ke pwosesis bay estati pwovizwa a (*Humanitarian parole*) ansanm ak kat travay la fèt yon fason ki egal-ego epi klè.

3. Mete an plas bon jan pratik nan USCIS ak DHS pou bay kat travay la (EADs) an menm tan ak estati pwovizwa a (*Humanitarian parole*) epi asire yo ke pwosesis tou de estati sa yo fèt sou 6 semèn oswa mwens tan, kèlkeswa peyi kote yo fèt la.
 - Nan yon tan ki pa twò lwen, si sa nesesè pou separe aplikasyon kat travay la (“EAD”), yo dwe fè yo ansanm ak Kat Sekirite Sosyal epi tou de dokiman sa yo dwe fèt nan 6 semèn oswa mwens.
4. Kat travay yo dwe renouvle otomatikman pou tout benefisyè kèlkeswa peyi kote yo fèt la.
5. Retire frè pou peye sou kat travay la pou tout moun ki benefisye estati pwovizwa (*Humanitarian parole*).
6. Mete plis resous epi ogmante kapasite USCIS ak DHS pou asire ke tout resous sa yo espesyalman ale kote pou pwosesis estati pwovizwa (“*Humanitarian parole*”) ak kat travay yo fonksyone kòmsadwa.
7. Mete yon pòtal sou entènèt la ki fasil pou ale sou li pou imigran, refijye, moun kap mande azil ak reprezantan legal yo. Pòtal sa a dwe montre estati dosye moun ki gen aplikasyon estati pwovizwa (*Humanitarian parole*) yo, mete sou kelkeswa rezon ki ta bay reta nan trete dokiman yo, epi ajoute sou sa definisyon tout tèm ke nou itilize pou eksplike sitiasyon dosye a.

Ogmante Responsablite Patron yo

8. Ranfòse epi aplike lwa lokal ak federal yo ki entèdi diskriminasyon ki baze kont sipoze estati imigrasyon epi enpoze yo respekte penalite ki mache ak diskriminasyon sa yo lè anplwayè yo pa vle asepte kat travay la (EAD) oswa estati Pwoteje Tanporè (TPS) pou anplwaye yo.
9. Mete ajou Lis C nan Fòmilè I-9 yo pou mete Avi Rejis Federal la ak avi resi lè yo resevwa aplikasyon pou renouvèlman kat travay yo kòm dokiman akseptab.
10. Asire ke yon anplwaye gen dwa pou li pèdi salè li epi, si sa aplikab, pou li retounen nan pozisyon li, nan ka yon anplwaye pèdi salè li ak/oswa travay li akòz yon patwon ki pa respekte Avi Rejis Federal la.
11. Mete sou pye yon kanpay edikasyon piblik nan tèt ansanm ki vize pou enfòmè patwon yo sou responsablite yo genyen lè yo ap anplwaye moun ki gen kat travay (EAD), pou yo respekte renouvèlman otomatik kat travay (EAD) la, avèk penalite ki genyen nan diskriminasyon kont anplwaye yo.

Mete bon jan kanal efòmasyon òganizasyon kominotè yo

12. DHS dwe fè reyinyon chak mwa ak òganizasyon kominotè yo epi founisè sèvis legal yo ki ap travay ak popilasyon imigran an. Reyinyon sa yo dwe yon dyalòg-brase lide, kote DHS ap enfòmè òganizasyon yo sou chanjman enpòtan nan pwosesis ak pratik yo, epi òganizasyon kominotè lokal ap fè DHS konprann enpak politik ak pratik aktyèl yo genyen sou manm kominote a, epi kite pòt louvri pou kesyon ak diskisyon.
13. Mete opòtinite yo disponib pou defansè imigrasyon ka pale ak ajans administrasyon yo sou règleman ki gen enpak sou imigran yo.

Nou ka JWENN rezilta yo an detay ak plis rekòmandasyon nan rapò konplè nou an.



NAP JWENN LI LA

www.haitianrefugees.org

YON RÈL POU LEVE KANPE

Politik imigrasyon etazini chita sou yon eritaj mechanste, rasis ak zenofobi depi dikdantan, epi politik ameriken an te toujou anti-Ayisyen. Jounen jodia pa yon eksepsyon non plis. Rapò nou an mete limyè sou pwoblèm ki genyen nan estati pwovizwa (“*Humanitarian parole*”) ak kat travay la, epi desizyon politik yo ak pwoblèm biwokratik yo ki rann li vrèman enposib pou refijye, ak moun kap mande azil yo ak imigran ayisyen yo, pou yo itilize kòmsadwa estati pwovizwa a (*Humanitarian parole*) epi jwenn pèmi travay la. Sa a lage moun yo nan yon sitiyasyon dezespere san-diyite kote yo pa kapab okipe pwòp tèt yo ak fanmi yo. Prezidan Biden ka ofri an ijans sekou imanitè a plizyè santèn-milye ayisyen, nan bay tankou (“*Deferred Enforced Departure*”) oswa pou ta re-ouvri Estati Pwoteksyon Tanporè a (TPS) pou plis tan ke sa ki gen aktyèlman la a.^{xi xii} Antretan, nou revandike pou Depatman Sekirite Nasyonal ak lòt ajans ki konsène yo pou aplike prese-prese chanjman politik nou detaye nan rapò nou an pou sa asire yo ke tout refijye ak imigran ayisyen, ak tout ayisyen kap mande azil yo ka jwenn estati pwovizwa a (*Humanitarian parole*), pèmi travay epi travay ak diyite.



TRAVAY NOU SITE YO

ⁱCamacho, A.S. (2022, Jan. 19) Del Rio and the Call for Migrant Justice. Yon atik jounal The New Yorker. Ale sou lyen sa a pou li atik la: <https://www.newyorker.com/news/our-columnists/del-rio-and-the-call-for-migrant-justice>

ⁱⁱHerrera, Jack. (2021, Sep. 23) Why 15,000 Migrants Ended Up at One Spot on the U.S.-Mexico Border. Politico. Ale sou lyen sa a pou li atik la: <https://www.politico.com/news/magazine/2021/09/23/del-rio-desperation-dysfunction-immigration-513978>

ⁱⁱⁱU.S. Citizenship and Immigration Services. Humanitarian or Significant Public Benefit. Ale sou lyen sa a pou li atik la: <https://www.uscis.gov/humanitarian/humanitarianpublicbenefitparoleindividualsoutsideUS>

^{iv}Ibid.

^vU.S. Citizen and Immigration Services. (2023, Jan. 6.) DHS Implements New Process for Cubans, Haitians, and Nicaraguans and Eliminates Cap for Venezuelans. Ale sou lyen sa a pou li atik la: : [DHS Implements New Processes for Cubans, Haitians, and Nicaraguans and Eliminates Cap for Venezuelans | USCIS](#)

^{vi}Erfani, A., and Franzblau, J. (2023, Jan. 9) Recycling Trump's Asylum Bans & Expanding Title 42: How Biden's New Policies Threaten To Undermine Asylum Rights For Generations To Come. National immigration Justice Center. Ale sou lyen sa a pou li atik la: : <https://immigrantjustice.org/staff/blog/recycling-trumps-asylum-bans-expanding-title-42-how-bidens-new-policies-threaten>

^{vii}U.S. Department of Homeland Security. (2023, Jan. 5) DHS Continues to Prepare for End of Title 42; Announces New Border Enforcement Measures and Additional Safe and Orderly Processes. Ale sou lyen sa a pou li atik la: : <https://www.dhs.gov/news/2023/01/05/dhs-continues-prepare-end-title-42-announces-new-border-enforcement-measures-and>

^{viii}del Bosque, M. (2023, Feb. 8) Facial Recognition Bias Frustrates Black Asylum Applicants to U.S., Advocates Say. The Guardian. Ale sou lyen sa a pou li atik la: <https://www.theguardian.com/us-news/2023/feb/08/us-immigration-cbp-one-app-facial-recognition-bias>

^{ix}U.S. Citizen and Immigration Services. Deferred Enforced Departure. Ale sou lyen sa a pou li atik la: <https://www.uscis.gov/humanitarian/deferred-enforced-departure#:~:text=DED%20is%20in%20the%20president's,a%20designated%20period%20of%20time>.

^xU.S. Citizen and Immigration Services. Temporary Protected Status Designated Country: Haiti. Ale sou lyen sa a pou li atik la: [Temporary Protected Status Designated Country: Haiti | USCIS](#)


^{xi}Ibid.

^{xii}U.S. Citizen and Immigration Services. Deferred Enforced Departure. Retrieved from: <https://www.uscis.gov/humanitarian/deferred-enforced-departure#:~:text=DED%20is%20in%20the%20president's,a%20designated%20period%20of%20time>



REMÈSIMAN

Haitian Women for Haitian Refugees Fanm Ayisyen Pou Refije Ayisyen (FARA) remèsi tout patnè finansye nou yo ak òganizasyon yo nan kominote a pou sipò ak kolaborasyon yo nan reyalizasyon ak lansman rapò sila, epitou ak jèfò n ap mennen nan kanpay pou n revandike pou dwa imigran ayisyen yo. Nou rekonesan ak Andrus Family Fund, Black Led Movement Fund, Black Migrant Power Fund, The Four Freedom Fund, Haitian Studies Institute, Hispanics in Philanthropy, North Star Fund, Sparkplug Foundation, Emergent Fund ak tout manm kominote nou an pou kokennchenn sipò yo nan batay nap menen an!







Cajuste Lexiuste pandan li t ap pran pawòl devan yon foul 5,000 imigran Ayisyen sou Lakou Kapital Etazini nan Washington D.C., an 1998 jis anvan yo te adopte Lwa sou Imigrasyon Egalego pou Refijye Ayisyen (HRIFA), ki te garanti rezidans legal pèmanan pou plis pase 50,000 sitwayen Ayisyen.

NAN MEMWA CAJUSTE LEXIUSTE

Yon gwo mapou tonbe! Lexiuste Cajuste, yon lidè tout moun renmen e respekte nan FARA “*Haitian Women for Haitian Refugees*” (HWHR) ak nan kominote ayisyen an, fè travès l nan dat 18 out 2023. Pakou Cajuste ak FARA kòmanse nan 1993, lè li te mande azil Ozetazini apre yo te mete dife lakay li an Ayiti lè FARA te mete li an kontak ak yon reprezantan legal nan Komite Avoka pou Dwa Moun (Lawyers Committee for Human Rights). Lè li te an Ayiti, Cajuste te Sekretè Jeneral CGT, yon sendika ki t ap defann dwa divès kalite travayè. Malgre yo te maspinen li, Cajuste te kanpe djanm, se te kouraj sa a ki te mete l devan bann lan nan batay pou jistis pou pèp ayisyen an. Li te jwe yon wòl enpòtan nan plizyè inisiyativ, tankou defann dwa travayè ak imigran ayisyen yo, ki kite yon mak ki pa janm efase nan batay pou diyite ak respè nan kominote ayisyen an. Nan 1998, li te pran lapawòl nan yon gwo rasanbleman imigran ayisyen nan Washington DC Etanizi, yon kokennchenn evènman ki fèt anvan Lwa sou Imigrasyon Egalego pou Refijye Ayisyen yo. Lwa sa a te bay plis pase 50,000 sitwayen ayisyen rezidans pèmanan.

